# QARAQALPAQ HÁM TÚRK TILINDEGI KELBETLIK JASAWSHÍ QOSÍMTALARDÍŃ VARIANTLÍLÍǴÍ

**Orazbaeva Nazenayím**
Qaraqalpaq mámleketlik unuversiteti magistrantı
Nókis qalası 51-mektep oqıtıwshısı
https://doi.org/10.5281/zenodo.15165094

**Annotatsiya:** Kelbetlik- ózine tán leksika-semantikalıq hám gramatikalıq ózgesheliklerge iye sóz shaqabı. Túrk hám qaraqalpaq tilinde dórendi kelbetlikler, tiykarınan atlıq, almasıq hám feyillerge sóz jasaytuǵın qosımtalar qosıw jolı menen jasaladı. Túrk tilinde házirgi qaraqalpaq tiline salıstırǵanda kelbetlik sóz shaqabın jasawshı qosımtalardıń variantları kóbirek ushırasadı.

**Gilt sózler:** Sóz jasalıw, kelbetlik, qosımta, variantlar, sintaksislik baylanıs, grammatikalıq máni.

Kelbetlik- ózine tán leksika-semantikalıq hám gramatikalıq ózgesheliklerge iye sóz shaqabı. Ol leksikalıq mánisi boyınsha predmetlerdin (túr-túsi, sapası, kólemi, mugdarı, dárejesi belgilerin bildiredi. Mısalı: aq, qara, qızıl, kók, sarı, qorar (túr-túsi) jaqsı, jaman, sulıw, mazalı, ashshı, suwıq, jıllı (sapası) úlken, kishi, uzın, uzın, kelte, biyik, iri, mayda (kólemi) tb belgilerge iye boladı. Kelbetliktiń atalǵan leksika-semantikalıq túrleri ayyemnen qáliplesken túbir formaların bildirse, endi bir qatan soz jasawshı qosımtalardı qosıp alıp, dórendi kelbetliklerdi jasaydı. Kelbetliktiń usı siyaqlı ózgeshelikleri onıń sóz jasalıwın bildiredi

«Házirgi qaraqalpaq adebiy tiliniń grammatikası atlı akademiyalıq grammatikada atawısh tiykarlı kelbetliklerdiń jasalıwına 17 affiks, feyil tiykarlı kelbetliklerdiń jasalıwına 22 affikstiń qatnasqanı berilgen .

Q.Paxratdinov hám I.Seytnazarovanıń «Qaraqalpaq tilindegi sóz jasawshı affiksler» degen jumısında kelbetlik joqarıdaǵı sıyaqlı affikslerdiń ónimli hám ónimsiz bolıp 16 turi arqalı jasalatuǵını kórsetiledi .

A1,Q.Paxratdinov hám D.Seytqasimovtıń «Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik jasawshı affiksler, degen jumısında kelbetlik jasawshı affikslerdiń 19 turi berilgen .

Joqarıdaǵı izertlewlerde kelbetliktiń jasalıw usılları tuwralı aytılǵanlardı juwmaqlastırıp qaraǵanımızda házirgi úyrenilip kiyatırǵan iz benen kelbetliktiń jasalıwında ónimli qollanılatuǵın hám túrk tilinde de ushırasatuǵın kelbetlik jasawshı qosımtalardı analizlep shıǵamız

Turk tilinde dórendi kelbetlikler, tiykarınan atlıq, almasıq hám feyillerge sóz jasaytuǵın qosımtalar qosıw jolı menen jasaladı. Kelbetlik jasaytuǵın qosımtalar, tiykarınan, tómendegiler bolıp tabıladı:

1. -lı/-li affiksi atlıqlarǵa qosılıp adam yamasa basqa bir prednetlerdiń iyeligin, onda usınday belginiń bar ekenligin bildiretuǵın kelbetliklerdi jasaydı. Bul qosımtanıń qaraqalpaq tilinde usı eki variantı da ónimli jumsaladı. Olardıń biri sózdiń túbiri juwan dawıslıdan, al ekinshisi jińishke dawıslıdan ibarat bolǵan sózlerge jalǵanadı. Mısalı: baxıtlı, kewilli. Qáhárli qıs ketip, kún jılıta basladı. (A.B.)

Al, túrk tilinde bolsa bul qosımtanıń -li (-lı,-lu,-lü) sıyaqlı tórt variantta jumsalatuǵının kóriwge boladı. Bul qosımtalar atlıq sózlerge jalǵanıp, iyelik yamasa tiyislilikti bildiriwshi kelbetliklerdi jasaydı: baş-lı, kilit-li, toz-lu, köpük-lü, su-lu, güneş-li, Ankara-lı, lise-li, köy-lü, Karahan-lı, Osman-lı, Selçuk-lu, Yunan-lı hám t.b.

2. –sız/-siz affiksi mánisi boyınsha –lı/-li affiksine qarama-qarsı kelbetliklerdi yaǵnıy adam yamasa basqa bir predmetlerdiń qanday da bir belgige iye emesligin yaki bunday belginiń joq ekenligin bildiretuǵın kelbetliklerdi jasaydı hám túbir sózdegi dawıslılardıń juwan yáki jińishkeligine qaray eki túrli variantta jumsaladı: balasız, baylıqsız, ónimsiz, jersiz. Mısalı: Balalı úy bazar, balasız úy quw mazar (naqıl).

Házirgi qaraqalpaq tilinde –sız/-siz ónimli jumsalatuǵın affikslerdiń biri bolıp, tyurkologiyada onıń kelip shıǵıwı haqqında hár qıylı pikirler bar. Birqatar ilimpazlar onı túrkiy tillerindegi sın, mongol tilindegi sarni, chuvash tilindegi sir feyilleri menen baylanıstıradı. N. A. Baskakovtıń pikirinshe bul affiks eki bólekten turadı. Haqıyqatında da bul affiks qaraqalpaq tilindegi sı+q túbir feyilleri menen genetikalıq baylanısqa iye .

Túrk tilinde de -siz (-sız,-suz,-süz) qosımtası -lı (-li,-lu-lu) qosımtasınıń bolımsız forması bolıp, teris atlıq yamasa teris kelbetlik qosımtaları dep te ataladı. -lı qosımtası, tiykarınan, qandayda zattıń bar ekenligin, -sız qosımtası bolsa joqlıǵın, kemlik yamasa azlıǵın bildiretuǵın kelbetlikler jasaydı: taş-sız, ev-siz, kol-suz, ánne-sız, görgü-süz, su-suz, süt-süz sıyaqlı. Ol kemnen-kem jaǵdaylarda tartım jalǵawınan keyin keliwi múmkin: annem-siz, babam-sız sıyaqlı.

Túrk tilindegi kelbetlik jasawshı bul qosımta sóz jasawǵa tiykar bolatuǵın sózdiń juwan, jińishke, erinlik, eziwlik dawıslılardıń qatnasına baylanıslı túrt túrli variantta jumsaladı.

3. Qaraqalpaq tilinde kelbetlik jasawshı –lıq/-lik affiksi. Házirgi túrkiy tillerinde –lı/-li hám -lıq/-lik affikslerinin bir túbirden kelip shiqqanlıǵı aytıladı . Bul eki affikstiń qollanılıw xızmeti jaǵınan hár túrli pikirler bar. P.M.Melioranskiy -lıq atlıq jasaytuǵın qosımta, al kelbetlik jasaw ushın onıń

qosımtası -lı dep esaplaydı. Usınday pikir ózbek tilin izertlewshiler tárepinen de aytıladı. K.A.Sharipovanıń „Ózbek tilinde sóz jasawshi -lik, -li, -shilik affiksleri" degen kandidatlıq dissertacıyasında da aytılǵan . Bul sıyaqlı pikir ózbek, qazaq tilin izertlewshiler tárepinen basqasha pikirler aytılıp, -lı hám -lıq affiksleriniń ekewinin de atlıq hám kelbetliktiń jasalıwına qatnaslı ekenligi kórsetiledi .

Biraq bulardıń arasındaǵı uqsaslıq hám ayırmashılıǵı tómendegishe kórsetiledi: Eger anıqlawısh wazıypasındaǵı sóz jasawshı (-lıq/-lik) tartımlanıwshı i (si) qosımtanı qabıl etpeytuǵın bolsa, bunday jaǵdayda sol sóz kelbetlik wazıypasın atqaradı . Sonıń menen qatar, -lıq/-lik qosımtalı sózlerdiń atlıq ya kelbetlik ekenligi konteksten tısqarı jeke turǵan halında da belgili bolıp turıwı tiyis. Mısalı: aktyorlıq, mártlik, sulıwlıq, tuqımlıq (kelbetlik). Bulardıń sońǵısı dáslepkilerine qaraǵanda kelbetlikke tán ekenligi anıq belgili bolıp turadı.

Túrk tilinde -lık (-lik,-luk,-lük) qosımtası atlıqtan kelbetlik jasaydı: kirey-lık, yıl-lık, dolma-lık, hediye-lik, gün-lük, yemek-lik, ay-lık sıyaqlı hám t.b. sózlerge tórt túrli variantta jalǵanadı.

4. –shıl/-shil affiksi qaraqalpaq tilinde atlıqlarǵa jalǵanıp, dórendi kelbetliklerdi jasaydı. Dóretiwshi tiykarı sıpatında túpkilikli qaraqalpaqsha sózler, sonday-aq ayırım ózlestirme sózler de qatnasadı. Mánisi jaǵınan adam yamasa basqa nárselerdiń qumarlılıq, iykemlilik belgilerin bildiredi. Mısalı: sınshıl, oyshıl, epshil, xalıqshıl, ósekshil t.b. Qus balası sátemshil boladı. Kisi atı tershil bolar, kisi kiyimi kirshil bolar. (Ótesh)

Túrk tilinde bolsa bul qosımtanıń -cıl -cil,-cul,-cül,-çıl.-çil, çul,-çül sıyaqlı 8 túrli formada ushırasqanı menen júdá kem qollanıladı hám uqsatıw mánisindegi kelbetliklerdi jasaydı: ev-cil, ben-cil, balık-çıl, tavşan-cıl, ölüm-cül, kır-cıl, ak-çıl, insan-cıl sıyaqlı.

5.-ǵır/-gir, -qır/-kir affiksi. Ádette bul affiks sóz jasaw tiykarı bolatuǵın buyrıq meyillerge qosılıp, adam yamasa predmetlerdiń bir iske beyimlilik, uqıplılıq belgisin bildiretuǵın kelbetliklerdi jasaydı: alǵır, bilgir, ushqır qıyal, keskir pıshaq ham t.b. Házirgi qaraqalpaq tilinde bul affikstiń 4 variantı da kelbetlik jasawda ónimli qollanıladı.

Túrk tilinde bul qosımtanıń ekvivalenti sıpatında -gin -gin,-gun, gün, kın, kin, kún, kün  qosımtası 8 túrli variantta ushırasadı. Bul qosımtalar túbirdegi dawıslınıń juwan-jińishkeligine, dawıssız seslerdiń únli-únsizligine baylanıslı sáykes túrde qollanıladı. Tiykarınan bir buwınlı feyillerge qosılıp, bórttirip aytılǵan gáp mánislerin bildiriwshi kelbetliklerdi jasaydi: dal-gın, sal-gın, al-gun,

düz-gün, az-gın, bay-gın, hinji-gun, dar-gın, üz-gün, kır-gın, aşkın, yetiş-ashıw, kes-ashıw. coş-kún, küs-kün, düş-kün, piş-ashıw, alış-kın sıyaqlı.

6.-ǵı/-gi affiksi. Házirgi qaraqalpaq tilinde bul affiks járdeminde belgili bir orınǵa yamasa waqıtqa baylanıslı belgini bildiretuǵın kelbetlikler jasaladı. Bul affikstiń –qı/-ki únsiz variantı da jumsalıp, waqıtqa qatnaslı belgini ( azanǵı, túski, báhárgi, bıyılǵı, kúndizgi), keńislikke, orınǵa qatnaslı belgini (sırtqı, úydegi, tómendegi, dúzdegi) bildiredi.

Al, túrk tilinde bolsa bul sıyaqlı mánilerdi tek ǵana –ki qosımtası arqalı bildiriledi. -ki qosımtası tiyislilik hám baylanıslılıq mánisin ańlatatuǵın, jańa mánili kelbetlik sózlerdi jasaydı: şimdi-ki, önce-ki, öte-ki, demin-ki, sonra-ki, karşı-ki sıyaqlı. Bul qosımsha kóbirek orın hám waqıt mánili sózlerden keyin kelip sol sózlerge -de,-de,-ta,-te seplik qosımshalarınan keyin qosıladı: bende-ki, yerde-ki, aşağıda-ki, sende-ki, altta-ki, üstte-ki, sıyaqlı. Ayırım waqıtlarda ki qosımtasınıń -kü kórinisi de ushraydı : dün-kü, bugün-kü degen eki sózde ǵana jumsalatuǵınlıǵın kóremiz .

Joqarıdaǵı mısallardan kórinip turǵanınday, túrk tilinde házirgi qaraqalpaq tiline salıstırǵanda kelbetlik sóz shaqabın jasawshı qosımtalardıń variantları kóbirek ushırasadı. Sebebi, túrk tiline tán xarakterli belgileriniń biri dawıslılar sáykesligi. Kelbetlik jasawshı qosımtalar eki tilde de birdey xızmet atqarıp, mánisi jaǵınan da uqsas. Qaraqalpaq tilinde tiykar sózge sóz jasawshı qosımta qosılǵanda kóbinese tańlay únlesligi, al túrk tilinde tańlay únlesligi menen bir qatarda erin únlesligi de baslı orın tutadı. Sonıń esabınan kelbetlik jasawshı qosımtalardıń variantları biziń tilimizge salıstırǵanda kóbirek jumsaladı.

## Paydalanílǵan ádebiyatlar:

1. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў хәм морфология. Нөкис, «Билим» 1994.
2. Хожиев А. Ўзбек тилида лик аффиксининг вазифаси ҳакида. Ўзбек тили ва адабиёти. 1985.
3. Хожиев А. Ўзбек тилида сўз ясалиш тизими. Тощкент, «O'qituvchi». 2007.
4. Korkmaz Z. Türkiye türkçesi grameri. Ankara. Türk Dil Kurumu: 2009.
5. Нажимов П. А. Қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы. Нөкис, «Илим», 2019,
6. Paxratdinov Q. Seytqasımov D. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik jasawshı affiksler Nókis: «Bilim», 2013.
7. Пахратдинов К., Сейтназарова И. Қарақалпақ тилиндеги сөз жасаўшы аффикслер. Нөкис, «Қарақалпақстан». 2010.
8. Тилеўов Ә. Қазақ тiлiндегi есим сөзлердиң жасалыўы. Алматы. 1973.

9. Шарипова К.А. Ўзбек тилида сўз ясавчилик, -ли, чилик аффикслери. Ташкент, 1972.
10. Vecihe Hatiboğlu. Türkçenın ekleri. Ankara, 1981.